# *Mag Mat Naa Bàyyi Cim Rééw*

**Aysatu:** Man xale bi, bu xamoon nu ma ko jéppee. Kii su ma ko ëmboon duma ko wasin. Waaye na ma xaar foofu ma ñów.

Mu gëna tuuti ci kër gi, war a bale, balewul, def ba aj ay tankam ne dafay *lire journal*. Waaye, na ma xaar ma ñów, dafa xamul boppam.

**Mareem:** Aysatu! Aysatu ee! Yow, gaañ nga ma, xanaa danga may bëtt?

Noo may fekke ma toog nga di ma bale?

**Aysatu:** Xoolal! Man dama dul sa moroom. Magum jëmm a ngiy bale, nga war a bale, balewoo, nga gis ma may bale, nga jël say tank ajanti ka di xaar ma ne la puusal!

Du gis nga ma may bale. Lu la tere nga puus say tank? Dangay xaar ma ne la puus ka?

**Mareem:** Gis nga kër gi, ëppalewoo ma fi dara. Li nga fi am rekk laa fi am.

Amoo foo may yemale ak foo ma dul yemale.

**Aysatu:** "Ñàkk a xam lu mu waral a bare". Yow, dañu la war a xamal te xamaluñu la.

Ñi la war a waxal si boppam ñoo la waxul. Yow, danga xamul sa bopp.

Gis nga, xam nga li nga waroon a lijjanti! Dem ci sa yaay walla sa maam nga laaj ka kan mooy sa pàppa.

Kër gi nak, léégi ñu miiraas, dara amoo ko fa.

Kër gi lu ma fi tollaale ak yow! Demal nga lijjantiji boog. Loolu moo gën si yow.

**Mareem:** Xale nga waay!

**Aysatu:** Waaw, baax na !

**Mareem:** Aysatu mii, li mu wax rëy na de! Laajijil sa maam walla sa yaay kuy sa baay! Aa, loolu lu ñuy waxaat la sax. Xaaral!

© Boston University

*[Mareem yégg na ngir seeti maamam]*

Maam! Naka nga def ?

**Binta:** Mareem nak nga def ? *Ça va*?

**Mareem:** *Ça va bien*.

**Binta**: Waaw, Mareem! Lan la?

**Mareem:** Maam du dara.

**Binta:** Aa du dara!

**Mareem:** Du dara Maam.

**Binta:** Kanam gi daha ka daawul di xëccu ni de!

**Mareem:** *C'est que* Aysatu laa amaloon wax léégi, dañu jotewoon léégi.

**Binta:** Aa yow tam it, Aysatu sa mag la! Yeena bokk baay, waruleen a jote de.

**Mareem:** Dëgg la Maam. Waaye Maam! Ma laaj la?

**Binta:** Yow la maa déglu.

**Mareem:** Maam kuy sama pàppa?

**Binta:** Aa luy loolu kala sa baay! Kala sa baay nga maa laaj?

Aa Mareem de, li nga laaj keemaane na de!

**Mareem** Maam sànq, bi ma jotee maak Aysatu, Aysatu da ne ma, laajijil sa maam walla sa yaay kuy sa baay.

**Binta:** Aa laajijil sa maam kala sa baay? Aa Mareem, neem kat yaa ñów laaj ma, te ma wax la rekk laa bëgg?

**Mareem:** Waaw.

**Binta:** May ma say nopp.

Mareem, sa pàppa ak sa yaay dañu newoon di sëy, waaye ci kaw sëy boobu... sa maam, bi jur sa yaay dara la si bëggul woon. Na mu mën a def ba sëy bi tass rekk, fexe na ka.

Ñu dem ba sëy bi tass. *Problème* yu ndaw am, sëy bi tass. Léégi ba sëy bi tassee, say waajur doon nañu gise sa suuf.

**Mareem:** Maam loo bëgg a wax foofu?

**Binta:** Maa ngiy ñów. Léégi ci biir gise boobu, ndekete ëmb sosu na fa. Ñu fasaat sëy boobu. Mareem, ab diir lañu ci teg nga juddu.

Kon foofu ëmb am na, *avant* sëy bi la am. Looloo waral Aysatu ne la seetil sa bopp.

Waaye Mareem! Ci kaw lislaam de "baa juddoowul ci buumoog sëy warulaa donn".

Looloo waral mbir moomu, lépp nak sa maam la.

Ay gune bu ñu bëggantee, daha leen a bàyyi. Waaye def na la nekk ba lii lépp am. Lépp sa maam la.

Li fi des daal mooy nga muñ, ndax "am ndox ba tuuroo, am mbàq a si des". Xanaa rekk rootijiwaat, loolu doŋ a fi des.

**Mareem:** Maam, sama yaay tooñ na ma!

**Binta:** Déét, bal wax loolu. Noppil! Muñal!

**Mareem:** Man, samay waajur dañu ma tooñ.

**Binta:** Déédéét tooñuñu la. Liy am am na ba pare. Mënulaa ci dara. Li des rekk mooy nga muñ.

Du la teree dund de! Muñal nak! Noppil! Jógal nu jàll si biir.